

ENSTRIKSYON POU DEPOZE YON PRIVILÈJ GARAJIS

TIT 25 Del.C. Seksyon 3901-3910

I. JWENN NON AK ADRÈS TOUT PWOPRIYETÈ AK LÒT PATI KI GEN ENTERÈ NAN BYEN AN.

A. Pou yon veyikil amotè.

1. Jwenn yon deklarasyon pou chak veyikil amotè nan Divizyon Veyikil Amotè, P.O. Box 698, Dover, DE 19901 lè w endike Nimewo Idantifikasyon Veyikil la (VIN). L ap mansyone dènye pwopriyetè ki anrejistre pou veyikil la ak nenpòt privilèj eksepsyonèl. **Yo dwe jwenn sètifika privilèj yo pou pi ta 120 jou anvan yo depoze yo nan tribinal la.**
2. Kontakte Inite Vòl Machin Lapolis Eta Delaware pou jwenn yon rapò pou chak veyikil. **Yo dwe jwenn rapò sou vòl yo pou pi ta 120 jou anvan yo depoze yo nan tribinal la.**
3. Si pa gen okenn dosye sou pwopriyete veyikil la nan Delaware, epi veyikil la pa gen yon plak imatrikilasyon, enfòmasyon sa yo dwe nan demann nan. Si veyikil la gen yon plak imatrikilasyon ki soti nan yon eta ki pa Delaware, yo dwe jwenn yon deklarasyon pwopriyetè oswa yon sètifika privilèj nan Divizyon Veyikil Amotè nan eta sa a.

B. Pou lòt byen.

1. Si byen an se yon tip byen lalwa egzije pou yo fè anrejistreman pou li, yo dwe konsilte ajans ki apwopriye a pou jwenn pwopriyetè a.
2. Si byen an se yon tip byen kote gen privilèj oswa lòt enterè yo dwe ranpli pou li an vigè, yo dwe konsilte ajans ki apwopriye a pou kesyon privilèj yo.

II. RANPLI DOSYE GARAJIS LA.

- A. Jwenn yon Fòmilè 50 pou moun ki siyen demann nan, sa ki ap otorize li reprezante yon antite atifisyèl.
- B. Yo dwe ranpli yon dosye pou chak byen.
- C. Enstriksyon pou ranpli yon « Demann pou Vann yon privilèj », Fòmilè No 40:

1. **DESKRIPSYON BYEN AN.** Bay yon deskripsyon konplè sou byen an, sa ki gen ladan nenpòt nimewo idantifikasyon ki aplikab. (Si se yon veyikil a motè, bay mak li, ane li, modèl li, nimewo VIN ak nimewo plak imatrikilasyon li, si yo disponib.)
2. **APLIKAN AN SE.** Endike kategori ki mansyone nan 25 *Del.C.* §3901 ki aplikab pou aplikan an (tankou mèt otèl, mèt motèl, pwopriyetè garaj, sèvis vant ozanchè, lòt moun ki kenbe yon sèvis lokasyon machin oswa chwal, pansyon pou bèt, garaj, ayewopò, kote yo mare bato oswa lòt etablisman – gade §3901 pou plis enfòmasyon).
3. **BAZ POU REKLAMASYON.**
 - a. **Rezon reklamasyon an.** Di si reklamasyon an se pou reparasyon, anlèvman, depo, gadò, elatriye. Si reklamasyon an se pou plis pase yon sèvis, mansyone tout sèvis aplikab reklamasyon an baze sou yo a.
 - b. **Kijan aplikan an te fè jwenn byen an.** Nan yon fason kout, di kijan ou te fè jwenn byen an. Tankou èske se pwopriyetè a ki te pote byen an ba ou pou fè reparasyon? Èske ou te fè anlèvman byen an pou yon lòt moun?
 - c. **Dat aplikan an te jwenn byen an.** Endike jou, mwa, ak ane ou te pran byen an.
 - d. **Endike nan men ki moun aplikan an te jwenn byen an** Bay non ak adrès moun ou te pale ak li dirèkteman an pou jwenn byen an. Tankou moun ki te pote byen an pou fè reparasyon oswa moun ki te mande pou w leve byen an.
4. **KANTITE LAJAN REKLAMASYON AN.** Endike kantite dola reklamasyon an. Si reklamasyon an baze sou plis pase yon rezon, tankou reparasyon ak depo, endike kantite lajan reklamasyon an pou chak rezon. Reklamasyon yo dwe fèt pou yon kantite lajan komèsyal ki rezonab. Yo dwe mete kantite lajan yo pran chak jou si reklamasyon an se pou depo oswa gadò.
5. **LÒT PATI KI GEN ENTERÈ NAN BYEN AN.** Ou dwe mansyone tout moun ki gen nenpòt lòt fòm enterè (tankou dwa garanti oswa detantè privilèj) nan byen an. Ou dwe fè yon efò rezonab pou jwenn non ak adrès tout pati ki gen enterè nan byen an si sa nesesè. Sa gen ladan verifye ak ajans ki apwopriye a pou konnen nenpòt pwopriyete gen dwa yon kreyansye sou byen yon moun oswa lòt enterè yo dwe anrejistre pou yo valab. Si pwopriyete a se yon veyikil amotè, yo dwe anekse yon sètifika dwa yon kreyansye sou byen yon moun. Si veyikil amotè a pa anrejistre nan Delaware (oswa si Delaware pa gen okenn dosye sou lòt byen yo oblije anrejistre yo), yo dwe verifye privilèj sou byen an ansanm ak pwopriyetè a nan nenpòt lòt eta tribinal la mande w pou w verifye.

6. **DEKRI TANTATIV LOKALIZAYON YO.** Si ou pa t kapab jwenn pwopriyetè a/lòt pati ki gen yon enterè nan byen an, dekri tout efò ou te fè pou jwenn non ak adrès moun sa yo. Ou dwe sètifye la ou te chache pwopriyetè a ak lòt pati ki gen yon enterè nan byen an nan tout eta tribinal la te mande pou fè sa. Ou dwe anekse kopi tout demann enfòmasyon ak/oswa enfòmasyon ou resevwa yo. Si pwopriyetè a se yon veyikil amotè epi li pa gen plak imatrikilasyon, mete enfòmasyon sa a nan seksyon sa a. Ou dwe chache nan veyikil la tou, sa ki gen ladan nan bwat gan, pou jwenn enfòmasyon sou pwopriyetè a lè sètifika dwa yon kreyansye sou byen yon moun nan endike yo pa konnen pwopriyetè a.
7. **NOTIFIKASYON.** Tout lèt oswa bòdwo ou te voye oswa ou te bay pwopriyetè a (yo) ak lòt pati ki gen yon enterè nan byen an ak dat ou te voye oswa bay lèt yo oswa bòdwo yo, ou dwe mansyone tout. Ou dwe anekse yon kopi lèt oswa bòdwo yo ak yon afidavi oswa lòt prèv ki montre ou te voye oswa yo te resevwa yo. Si ou pa konnen pwopriyetè a, ou dwe anekse dokiman ki montre yo te leve veyikil la.
8. **KOTE YO VANN.** Ou dwe antre adrès kote l ap vann nan. Vant lan dwe fèt kote veyikil la ye a. Tribinal la ap fikse dat vant lan nan yon delè 60 jou apati dat tribinal la trete demann nan. Lè pou vann nan ap pwograme pou 10:00 a.m.

E. LIS KONTWÒL DOKIMAN POU ANEKSE AK DEMANN NAN.

1. Yon kopi nenpòt òdonans travay, ki gen ladan fich ki montre yo te leve veyikil la ak fakti reparasyon yo.
2. Yon kopi nenpòt lèt demann yo te voye bay pwopriyetè ki anrejistre a ak nenpòt lòt moun ki gen privilèj nan byen an, sa ki gen ladan lèt ki endike garajis la gen posasyon byen an.
3. Yon afidavi oswa lòt prèv ki montre ou te voye oswa yo te resevwa lèt demann nan.
4. Yon sètifika dwa yon kreyansye sou byen yon moun Divizyon Veyikil Amotè (Delaware Division of Motor Vehicles) bay, ki la depi mwens pase 120 jou anvan yo depoze yo nan tribinal la, pou chak veyikil ki gen yon plak imatrikilasyon nan Delaware oswa pou chak ki pa gen plak.
5. Yon sètifika dwa yon kreyansye sou byen yon moun oswa yon deklarasyon pwopriyetè ki soti nan Divizyon Veyikil Amotè nan eta ki konsène a, ki la depi mwens pase 120 jou anvan yo te depoze yo nan tribinal la, pou chak veyikil ki gen yon plak imatrikilasyon ki soti nan yon eta ki pa Delaware.

6. Yon rapò ki soti nan Inite Vòl Machin Nan Lapolis Delaware (Delaware State Police Auto Theft Unit), ki la depi mwens pase 120 jou anvan yo te depoze li nan tribinal la
7. Yon kopi Fòmilè 50 lan.

Pou fini, ou dwe siyen demann nan devan yon notè oswa yon fonksyonè tribinal la.

III. PATI YO RESEVWA DEMANN PRIVILÈJ GARAJIS LA.

- A. PA REKLAME OSWA REFIZE. Si yo remèt tribinal la avi a pou fè yon vant privilèj pwopriyetè ki anrejistre a oswa moun ki gen privilèj la ki make nan biwo lapòs la kòm « Pa reklame » oswa « Refize », Tribinal la ap voye avi a atravè lapòs 1ye klas ak yon sètifika lapòs.
- B. SI YO JWENN YON NOUVO ADRÈS. Pleyan an dwe depoze yon alias.
- C. SI ADRÈS LA PA KÒRÈK. Si pwopriyetè ki anrejistre a oswa moun ki gen privilèj la retounen demann nan nan tribinal atravè yon notifikasyon biwo lapòs ki mansyone yo pa ka livre avi a, epi yon rechèch ki fèt aprè sa pa pèmèt yo jwenn pati a, yo dwe soumèt yon lòt afidavi bay tribinal ki esplike lòt demach yo fè pou jwenn bon adrès la.
- D. SI DAT VANT LAN DWE CHANJE. Si yo dwe chanje dat vant lan pa rapò ak premye dat ki mansyone nan avi yo bay pwopriyetè ki anrejistre a ak nenpòt lòt moun ki gen enterè nan byen an, pati ki enterese yo dwe jwenn yon lòt avi sou nouvo dat vant lan. Tribinal la ap revoye avi a (yo), ki ap ge ladan « Demann pou fè yon vant privilèj », « Avi vant garajis la » ak « Repons sou reklamasyon garajis la ». Pleyan an dwe refè afich yo epi toujou respekte egzijans piblikasyon yo.

IV. BAY AVI SOU VANT LAN.

- A. Omwen 15 jou anvan vant lan, ou dwe fè piblisite pou vant lan pandan omwen yon jou nan yon jounal ki pibliye oswa ki difize nan konte kote vant lan ap fèt la. Piblisite a dwe genyen yon deskripsyon byen an, sa ki gen ladan nenpòt enfòmasyon idantifikasyon ki aplikab ansanm ak dat, lè, ak kote vant lan ap fèt. Nan ka yon veyikil a motè, anons lan dwe gen ladan mak, modèl, ane ak VIN nan. Ou dwe mande pou jounal la voye ba ou yon afidavi ki gen rapò ak anons lan. **Ou dwe depoze afidavi orijinal la nan tribinal la omwen 5 jou anvan vant lan epi li dwe gen ladan yon kopi orijinal anons lan.**
- B. Yo dwe afiche yon avi ki siyen nan omwen senk kote piblik omwen 15 jou anvan vant lan. Yo dwe bay tribinal la yon kopi avi vant lan ansanm ak yon lis kote yo afiche yo 5 jou anvan vant lan.

- V. **DEPOZE PRÈV PIBLIKASYON AN NAN TRIBINAL LA.** Mete nimewo dosye tribinal la pou byen ki mansyone nan anons lan. Yo p ap bay « Otorizasyon garajis la bay pou vant lan », Fòmilè No. 43, toutotan tout kondisyon ki anwo yo pa respekte. **VANT LA PA KA FÈT SAN FÒMILÈ OTORIZASYON SA A.** Yo ap ba w yon « Dispozisyon pwodui vant », Fòmilè No. 44 (ou ranpli pou di tribinal la ki jan ou te debouse kòb lavant lan), lè w resevwa fòmilè otorizasyon an nan men tribinal la.
- VI. **DEPOZE FÒMILÈ DISPOZISYON VANT LAN.** Yo dwe depoze yon orijinal notarye ak yon kopi dispozisyon vant lan, nan tribinal la nan espas 10 jou aprè vant la.
- VII. **SI BYEN AN SE YON VEYIKIL AMOTÈ, REKONTAKTE INITE VÒL MACHIN NAN POU JWENN YON NOUVO FÒMILÈ MV-214.** Ou dwe prezante « Otorizasyon garajis la bay pou vant lan », Fòmilè No. 43, bay Inite Vòl Machin nan pou yo ba w yon Fòmilè MV-214. L ap fè konnen veyikil amotè yo vann nan se menm veyikil yo te bay otorizasyon pou li a. Yo dwe prezante Fòmilè MV-214 la bay Divizyon Veyikil a Motè a ak « Otorizasyon garajis la bay pou vant lan », Fòmilè No. 43 ak « Dispozisyon vant lan », Fòmilè No 44, pou yo ka bay yon tit nan yon fason ki klè.